



## **Kisa gal ye?**

Gal se yon enfestasyon komen moun pran akòz ti mit ki piti anpil yo epi ki viv anba po a. Mit yo kapab siviv nan kò moun pandan plis pase 48-72 èdtan.

## **Kimoun ki gen gal?**

Nenpòt moun kapab gen gal kèlkeswa sitiyasyon sosyo-ekonomik, bon abitud sante, ak bon liyèn li. Gal simaye fasil nan kontak avèk moun nan kay.

## **Kijan gal simaye?**

Gal simaje nan kontak dirèk po-ak-po avèk yon moun ki deja enfeste avèk gal. Nan ka ki ra a yo, yon moun kapab pran gal nan itilize rad, sèvyèt ak dra ak sak zòrye yon moun ki enfekte.

## **Kisa sentòm gal yo ye?**

Moun ki gen gal gen anpil demanjezon, sitou pandan lannwit. Zòn yo nan po a ki pi afekte avèk iritasyon ki tankou bouton ak demanjezon gen ladan yo fant dwèt yo, ponyèt yo, zèsèl yo, tay, lenn, lam zèpòl yo, kuis yo ak pli nan po a. Pafwa moun yo pral gen maleng nan kò yo paske yo grate kò yo.

## **Nan konbyen tan sentòm yo parèt?**

Sentòm yo ka kòmanse apre 4-6 semèn. Yon moun ki te gen gal anvan ka gen sentòm yo nan plizyè jou.

## **Kilè epi pandan konbyen tan yon moun kapab simaye gal?**

Lè yon femèl adilt mit ap viv sou yon moun, li kapab viv jiska yon mwa. Yon moun kapab simaye gal jouk lè mit yo ak ze yo detwi avèk tretman.

## **Ki tretman ki genyen pou gal?**

Yon pwofesyonèl swen sante kapab preskri losyon pou trete gal. Suiv enstriksyon pwofesyonèl swen sante a ba ou oswa sa ki nan nòt nan anbalaj la. Pase losyon an sou yon kò ki pwòp depi anba kou (pa nan figi ni nan po tèt) epi kite li sou ou pandan lannwit (8 èdtan). Benyen pou retire losyon an sou ou apre 8 èdtan epi mete rad pwòp. Lave tout dra ak sak zòrye, rad ak sèvyèt moun yo ki te enfekte nan dlo cho epi itilize yon sechwa rad ki cho. Yon dezyèm tretman nan 7-10 jou apre ka nesèsè. Fanm ansent yo ak timoun yo trete avèk yon medikaman ki pi lejè.

## **Kisa ki kapab fèt pou evite gal?**

Evite kontak dirèk po-ak-po oswa kontak avèk zafè moun yo ki gen gal. Moun ki te ka ekspoze (kontak sere pwolonje) ta dwe chèche swen medikal pou tretman posib.